A Muono wechigaro. Zvakazarurwa 4:1-3, 5, 9-11

- ❖ Muraraungu wakakomberedza chigaro,murangaridzo wezvitsidzo zva Mwari uye ruchengetedzo rwake (Genesisi 9:9-17). Tinogona kuswedera kuchigaro chevushe chenyasha tisingatyi (VaHebhuru 4:16).
- ❖ Baba vanopihwa kukudzwa kutatu uye samba ravo rinoraramisa uye samba rekusikwa zvinotambirwa (v. 11).
- ❖ Mumuono uyu, Baba vanorumbidzwa nekuda kwesimba ravo rekutonga pasi ne denga nemamwe matenga zvose zvavakasika.

B Vakuru 24. Zvakazarurwa 4:4

- ❖ Havasi vakuru nokuda kwezera ravo asi nekuda kwezvinzvimbo. Vanomiririra rimwe boka revanhu. Nguvo chena: Kururama. Korona dzendarama: Humambo kana kukunda.
  - — Vanogona kuva michero yekutanga,avo vakamuka kubva kuvafi na Jesu uye vanorarama kudenga, achimiririra rudzi rwevanhu (Mateo 27:52-53)
  - — Vanogona kumiririra vanhu vaMwari,musungano yakare ne itsva: 12 madzitateguru vana va Jakobo uye 12 vaapositora (Mateo 19:28)
  - — Vanogona kuva vamiririri vekune dzimwe nyika dzakasikwa dzisina kuputsika muchitema, vachishanda sevapirisita 24 pamberi pa Mwari (Zvakazarurwa 5:8)

C Zvisikwa zvina zvipenyu. Zvakazarurwa 4:6-8

- ❖ Mataridziro ezvisikwa izvi uye nekuti zvina zvinoreva kuti zvine nechekuita nepano pasi.
  - — Shumba: Mhuka dzesango.
  - — Mhuru: Mhuka dzepamusha.
  - — Munhu: Rudzi rwevanhu.
  - — Gondo: Mhuka dzinobhururuka.
- ❖ Havasi vanhu, vanonzi ma “kerubhi” (Ezikieri 10:2)
- ❖ Vanomiririra ngirozi dzinoshandira rudzi rwevanhu (Mateo 18:10)

D Rugwaro rwakanamatidzwa. Zvakazarurwa 5:1-4

- ❖ Johani anga achizoona remangwana, “zvinofanirwa kuitika shure kwaizvozvi” (4:1). Ruzivo urwu rwakanamatidzwa (rwakafukidzwa, rwakavanzwa) kumunhu wese kusara kwaiye wakafanira kurivhura.
- ❖ Jesu ega ndiye anokwanisa kuvhura bhuku,nekuti ishumba (Akakurira) uye gwayana (Akatifira kuti tiponeswe).
- ❖ Zviri mubhuku zvine ukama nenhoroondo reruponeso rwedu.

E Rakafanira Gwayana. Zvakazarurwa 5:5-14

- ❖ Gwayana (Jesu) rakafanira nekuti akaitwa chibairo.Nekuda kwekuzvipira uku, akapihwa masimba ose nehutongi hwose (Mateo 28:18; VaEfeso 1:20-22).
- ❖ Vaimbi vekudenga vanoimba rwiyo rune rumbidzo nomwe,vachitaura kuti Jesu wakakodzera
- ❖ Pamuchinjiko,Jesu akakunda akadzora izvo Adhamu akange aruza mu Edheni.Anotizivisa kuna baba uye anotimiririra (VaHebhuru 7:25).